




*Lave men ou  
wash your hands*



*Bouyi dlo a  
boil water*




*Kitel' frèt  
let cool*




*Plen sachè a rive nan liy lan  
fill bag to line*



*Vide sachè/pakè a  
add packet*



*Melanjel' jiskaskel' fonn  
mix until dissolved*



*Pranl' ak kiyè  
spoon feed*

or



*Ralel' ak Chalumo  
sip through straw*

## TRETE DIARE PITIT OU LA LAKAY OU

### DIARE KAPAB TOUYE MOUN SI LI PA BYEN TRETE.

- Lè ou bay yon moun seròm, ou kapab sovel' paske seròm ranplase dlo ak sèl ki soti nan kò a.
- Pouw' ka prepare seròm nan lakay ou, swiv jan yo diw' pouw' fè a ki nan lòt bò paj la .

### BAGAY ENPÒTAN KONSÈNAN SERÒM

- Se pouw' lave menw' ak dlo e ak savon anvan ou prepare seròm nan.
- Kontinye bay tete, men se pouw' bay seròm nan tou.
- Pou ti moun ki malad anpil, bay seròm nan ak ti kiyè.
- Bay vye ti gout, de tan zan tan.
- Bay moun ki malad la seròm 4 ou 5 fwa chak jou poul' kapab pipi pal oubyen jon.
- Si ti moun nan vomi, tann 10 minut epi bali seròm nan ankò.
- Bay tete aprè chak fwa timoun nan twalèt diare
- Kontinye bay timoun nan manje gwo manje si li gen 4 mwa oubyen si li pi gran.
- Ou kapab fè labouyi ak diri, sereyal, pòm de tè, manyòk, e yawout.
- Se pouw' prepare yon lòt seròm si seròm ou te fè a pase 24 trè.

### BAY VITAMIN FÈ POU DIMINYE E RETE DIARE.

- Pou timoun ki poko gen 6 mwa, bay fè 20 mg yon fwa chak jou pou 10 jou.
- Pou timoun ki gen 6 mwa pou pi piti, bay 20 mg chak 10 jou.
- Wap jwenn vitamin fè nan klinik la. Ou kapab fonn grenn nan nan seròm nan si timoun nan(yo) pa ka vale grenn yo.

### MENNEN TIMOUN NAN NAN YON KLINIK SI:

- diare a vin plis oubyen si diare a gen san la danl'.
- vomisman pa vle rete
- timoun nan gen fyè
- Kò/manm timoun nan kraze/kase
- timoun nan mande dlo anpil
- timoun nan sanble malad anpil

### YON MOUN KAPAB EVITE DIARE LÈ LI:

- bwè dlo pwòp, bon dlo(boyi dlo anviw' bwèl si nesèsè)
- Lave menw' ak dlo ak savon
- lè ou soti nan twalèt
- lèw sot jete twalèt pitit ou
- anvan ou manje, anvan ou bay timoun tete, anvan ou manyen maje.